

Byenvini O Kanada



BAGAY ENPÒTAN POU W FÈ AVAN OU RIVE O KANADA



Gen opòtinite, konsa tou gen kèk difikilte, lè yon moun ap vini o Kanada. Li enpòtan pou w kòmanse prepare pou difikilte ou ka rankontre lè w rive.

Wap bezwen pran dokiman enpòtan ou genyen, fè aranjman pou ki kote wap loje lèw rive, chache rad pou tanperati a, pratike lang peyi a ak lòt preparasyon ankò.

Òganizasyon ki bay sèvis tablisman pou moun ki poko rive ka ede w. Òganizasyon sa yo ofri anpil pwogram ak sèvis pou ede nouvo arivan yo prepare pou lavi ak travay nan Kanada avan menm yo rive. Pou w jwenn yon òganizasyon ki fè sa, ale sou sit [Obtenir de l'aide avant votre arrivée au Canada – À propos des services avant l'arrivée](#) (paj wèb sa a disponib an anglè e an fransè tou).

DOKIMAN ENPÒTAN


Pran orijinal tout dokiman enpòtan ou menm ak fanmi w genyen. Li ka nesèsè pou w fè tradwi dokiman sa yo an anglè oubyen an fransè, sa depan de ki kote w ap tabli.

Men pami kèk dokiman ki ka enpòtan :

- Paspò ak dokiman vwayaj
- Diplòm ak sètifika
- Nivo nòt ou fè oubyen nivo konpetans ou nan lang angle oubyen lang fransè.
- Kanè vaksinasyon ofisyèl
- Dosye medikal
- Dosye dantis ak maladi zye
- Pèmi kondwi
- Batistè ak sètifika desè
- Sètifika maryaj ak papyè divòs
- Prèv ke ou t ap travay

Pou w aprann plis sou dokiman ou bezwen rasanble avan ou vini, ale sou sit : [À la frontière : les documents nécessaires](#) (paj wèb sa a disponib an anglè e an fransè).

Prepare yon lis atik pèsònèl ke wap gen pou w voye o Kanada. Pou w jwenn fòmilè pou sa, ale sou sit : [Document de déclaration en détail des effets personnels](#) (paj wèb la disponib an anglè e an fransè).



Pou plis enfòmasyon sou kòman pou w prepare rive ou o Kanada, ale sou : [Avant votre arrivée au Canada](#) (videyo sa a an anglè e an fransè).


PREPARE POU BEZWEN IMEDYAT KE OU KA GENYEN APRE OU RIVE

Prepare pou bezwen imedyat ke ou wap genyen aprè ou rive o Kanada. Ou ka bezwen :

- Jwenn yon plas pou w rete pandan premye semèn ou yo : fè aranjman pou w rete ak yon fanmi oubyen yon zanmi, oubyen fè rezèvasyon nan yon otèl, si sa ta nesèsè.
- Achte rad pou tanperati kote w ap vin viv o Kanada a. Ou ka bezwen rad cho si w rive nan otòn, ivè oubyen prentan, oubyen rad lejè si se nan sezon cho ou rive.

CHACHE KONNEN LWA KI GENYEN OKANADA

Chache konnen lwa kanadyen yo ak dwa, devwa sivik ou genyen kòm rezidan Kanada. Pou w konnen plis, al sou sit : [Vos droits et libertés au Canada](#) (paj wèb sa an anglè e an fransè).



PRATIKE ANGLE OUBYEN FRANSE

Lang ofisyèl Kanada se anglè ak fransè. Chache konnen lang ki plis pale nan zòn kote ou pral viv e travay la.

Fransè se lang ofisyèl Kebèk, e yo pale l tou anpil nan Nouvo Bwonsvik, nan kèk pati Ontaryo ak Manitoba; epi tou gen plizyè kominote frankofòn nan peyi a. Selon kote ou tabli a, ou ka chwazi fokus sou youn nan 2 lang yo. Chache abitye ak mo komen tankou : bonjou, silvouplè, mèsj, ak egskize m.

Chache konn poze kesyon komen ki ka ede w jwenn kote w prale oubyen ki ka ede w nan bagay debaz yo. Pou w aprann sou kou lang pou nouvo arivan o Kanada, al gade videyo : [Options de formation linguistique pour les nouveaux arrivants au Canada](#) (videyo sa a disponib an anglè e an fransè).

KOMANSE ETAP REKONESANS DIPLÒM OU

O Kanada, gen sèten djòb ki gen règleman, sa vle di wap bezwen yon lisans oubyen yon sètifika espesyal avan ou ka travay nan domèn nan. Pou w ka travay nan pwofesyon ki reglemante sa yo, li enpòtan pou w kòmanse pwosesis rekonesans diplòm ou bonè. Ou ka kòmanse etap yo menm anvan ou kite peyi ou. Tou depan de domèn travay ou, pwosesis sa ka pran plizyè mwa oubyen ane menm, e li mande kèk depans tou.

Chache jwenn sèvis pou tablisman nan kominote ou a :

